ZIMSEC
For Performance Measurement

ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

GRADE SEVEN EXAMINATION, SPECIMEN PAPER.

CHISHONA 704/2

PAPER 2: Rondedzero neNzwisiso

SPECIMEN PAPER **1hour 45 minutes**

Nguva: **Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu.**

MIRAIRO KUVANYORI

1. Verenga mirairo yebvunzo unzwisise usati wanyora.

2. Usavhura bepa rebvunzo usati wapiwa mvumo.

3. Shandisa chinyoreso che**Blue** kana **Black** pane zvose zvauchanyora pabepa rekupindurira mibvunzo.

4. Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako pabepa rega rega rokupindurira.

5. Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.

6. Unotarisirwa kutora **awa** rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.

7. Pindura mubvunzo **mumwe chete** pachikamu chokutanga ugopindura **yose** pachikamu chechipiri.

8. Kana ukashandisa mapepa maviri kana akawanda emhinduro, unofanirwa kuasunganidza pamwechete.

9. Kana **usina kunzwisisa mirairo** iyi **bvunza** mudzidzisi akutsanangurire usati watanga kunyora.

Pepa iri rine mapeji matatu akanyorwa nerimwe chete risina chinhu.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, SPECIMEN PAPER.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (Mamakisi 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, rondedzero kana hurukuro ine mazwi **zana nemakumi maviri**. Ukasarudza tsamba, mutumbi wayo, ngauve nemazwi **zana nemakumi maviri**.

1. Nyora tsamba kumukuru wechitoro uchigunun'una pamusoro pemudziyo wawakatenga muchitoro mavo, usiri kushanda zvakanaka.

2. Rondedzera kukosha kwezvicherwa munyika.

3. Nyora nhaurirano pakati pevana vaviri, vachikurukura pamusoro pemabasa avanoita pamusha, kubatsira magariro emhuri dzavanobva.

4. Nyora mhan'arwa kumukuru wechikoro chenyu uchitsanangura zvakaitika pakapinda mbavha muhofisi yenyu yezvemitambo.

5. Nyora rondedzero inoburitsa musoro wekuti, "Mwana waShe muranda kumwe."

CHIKAMU CHECHIPIRI: NZWISISO (MAMAKISI 10)

Verenga nyaya inotevera ugopindura mibvunzo yakapihwa nezvirevo zvizere.

Takudzwa akazvarwa muna Kubvumbi mugore ra1990 kuchipatara chekwaRwenga. Mushure mevhiki azvarwa, vabereki vake vakaona kuti aiva akasiyana nemuteedzani wake, Rujeko.

Vakadzokera naye kuchipatara vanachiremba vakaita ongororo. Vakavaudza kuti mwana aiva nehurema hwaizonyatsoonekwa kana ava negore. Vakaenda zvavo kumba asi baba vake VaChigocha, havana kugutsikana. Vakamboedza kunobvunzira kun'anga chainetsa mwana asi vakakandiswa mapfumo pasi nezvavaiudzwa.

Ave negore, Takudzwa akazonzi navana Chiremba musana wake waive usina kusimba nekudaro haaizokwanisa kufamba. Amai vake, Mai Chigocha, vakangoti chenga ose manhanga hapana risina mhodzi. Hama dzaVaChigocha dzakamboda kuvafurira kuramba mudzimai nekuda kwenyaya yaTakudzwa ivo vakaisa zvimiti munzeve.

Paakange ava nemakore mapfumbamwe, akatanga kuenda kuchikoro achishandisa chigaro chine mavhiri. Aiva mwana aikwanisa kuita zvese zvaiitwa nevamwe vana muchikoro uye aiva akafaranuka zvekuti vese vakakurumidza kumugashira.

Akapedza dzidzo dzake dzekupuraimari zvese nesekondari akabudirira. Akazonodzidzira kuita chiremba wemasizo akabudirira zvakare. Chiremba Takudzwa Chigocha vaiziva basa ravo zvekuti vatenda vemaziso vaivafarira. Vakazovawo nekiriniki yavo yavakapinza basa vashandi vashanu. Vakaita mukurumbira munzvimbo yavaigara uye vakanga vava nechiremerera chakanyanya. Baba naamai vavo nevedzinza ravo vakanga vava kuremekedzwa zvikuru vodada naChiremba Chigocha.

MIBVUNZO

Pindura mibvunzo inotevera nezvirevo zvizere.

1. Takudzwa akazvarirwa kupi? [1]

2. Ndiani aiva mutevedzani waTakudzwa? [1]

3. Chiremba Chigocha vakapinza vashandi vangani basa? [1]

4. Chii chakanzi chaizotadzisa Takudzwa kufamba? [1]

5. Sei varwere vemaziso vaifarira Chiremba Chigocha? [1]

6. Nyora pfupiso ine mazwi makumi matatu nemashanu inotsanganura zvakaitika muhupenyu hwaTakudzwa kubva zvaakatanga kuenda kuchikoro kusvika ava chiremba. [5]

BLANK PAGE